



Pou Piblikasyon Imedya: 19/01/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO SANT ANALIZ KRIM NAN
MOHAWK VALLEY A**

***Patenarya ant Eta New York ak Ajans Fòs Lapolis nan Konte Oneida te sipòte
Sant lan***

***Sant ki pi Resan nan Uit Sant Atravè Eta New York la yo pou Ede Lapolis Ak
Pwokirè yo Rezoud, Redwi, ak Prevni Krim nan yon fason pi Efikas***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ouvèti Sant Analiz Krim pou sèvi Konte Oneida epi plis agrandi rezo sant ransèyman ak pataj done atravè tout eta a yo. Yo te devlope Sant Analiz Krim Mohawk Valley a an patenarya ak ajans fòs lapolis Konte Oneida yo ak uit sant ki pi resan atravè eta yo Divizyon Sèvis Jistis Penal Eta New York la (New York State Division of Criminal Justice Services, NYS DCJS) te sipòte.

Gouvènè Cuomo te di: “New York pral kontinye investi nan pwoteksyon pou kominote atravè tout eta yo lè yo sipòte ajans fòs lapolis yo avèk teknoloji avanse pou ede rezoud krim, pwoteje viktim yo epi tradwi delenkan yo lajistis. Nouvo Sant Mohawk Valley a pral ranfòse rezo analiz krim eta a plis ankò lè yo konekte plis ajans epi founi resous yo byen bezwen yo pou asire sekirite tout Nouyòkè.”

Sant Mohawk Valley a ki sitiye nan Depatman Lapolis Utica, Divizyon Sèvis Jistis Penal Eta a te mete l sou pye an patenarya ak Depatman Lapolis Utica (Utica Police Department), Depatman Cherif Konte Oneida (Oneida County Sheriff’s Department), Biwo Pwokirè Distri Konte Oneida (Oneida County District Attorney’s Office), Depatman Pwobasyon Konte Oneida (Oneida County Probation), ak Lapolis Eta New York la (New York State Police). Sant lan aktyèlman gen sis anplwaye epi li fonksyone senk jou lasemèn. Lè li gen tout pèsonèl konplè mwa mas la, li pral gen 10 anplwaye, ki gen ladan yo analis krim, investigatè ak ofisyè ransèyman sou tèren yo ak ajan pwobasyon yo. Sant lan founi sipò pou analiz ak pou investigasyon pou lapolis ak pwokirè toupatou nan Konte Oneida yo an tan reyèl pou rann investigasyon ka yo pi efikas epi rezoud, redwi ak prevni krim.

Lapolis Utica ak Divizyon Sèvis Jistis Penal la te òganize yon vizit Sant lan maten an pou ankouraje plis ajans fòs lapolis ak konte vwazen yo pou yo pataje done yo ak Sant

lan epi itilize sèvis li ofri yo.

Komisè Egzekitif Adjwen DCJS la Michael C. Green te di, “Sant sa a se yon resous ki itil anpil pou fòs lapolis Konte Oneida ak 127 lòt ajans lapolis ki pataje done ak rezo eta finansè a. Menm janm ak lòt sant atravè eta yo, Sant Mohawk Valley a pral ede lapolis ak lòt ajans fòs lapolis yo travay pi rapid ak nan yon fason pi efikas pase avan. Anplis de sa a, Sant lan pral founi menm plis kouvèti ankò pou rezo eta a , ki agrandi pou l enkli prèske yon ka nan konte rejyon nò yo.”

Finansman prèske \$280,000 ki soti nan eta a te finansè Sant Mohawk Valley a epi li gen ladan l yon mi videyo depwent ki mezire 6 pye nan wotè ak 12 nan lajè. Mi videyo a ka afiche plizyè sous done an tan reyèl, ki gen ladan kamera siveyans piblik nan Utica ak anvwa difizyon alèd òdinatè atravè tout konte a. Sant lan pral gen aksè a enfòmasyon ki soti nan ajans ki itilize sistèm jesyon dosye nan Konte Oneida yo. Anplis de sa a, Sant lan itilize teknoloji avanse pou lokalize zòn ki gen plis krim yo (hot spots) ak jwenn aksè a enfòmasyon, tankou krim yo rapòte yo, enfòmasyon sou arestasyon, dosye libète kondisyonèl ak libète siveye, pou founi ransèyman bay ofisyè ak investigatè sou tèren yo ak pwokirè k ap prepare pou pwosè yo.

Avèk ouvèti Sant Analiz Krim Mohawk Valley a, ajans fòs lapolis nan 16 konte kounye a benefisye de travay krim analis yo, ofisyè ransèyman sou tèren yo ak lòt pwofesyonèl ki fè pati pèsonèl sant yo ap fè atravè tout eta a. Anplis de Konte Oneida, sant yo sitiye nan konte Albany, Broome, Erie, Monroe, Niagara, Onondaga ak Franklin. Sant Konte Albany an sèvi konte sa a ansanm ak konte Rensselaer, Saratoga ak Schenectady, Sant Konte North Country a sipòte fòs lapolis nan konte Clinton, Essex, Franklin, Hamilton, Jefferson ak St. Lawrence.

Eta a envesti apeprè 6 milyon dola chak ane nan anplwaye ak teknoloji pou sipòte rezo Sant Analiz Krim nan. Kat jewografik Sant yo disponib [isit la](#). Yon konsèy administrasyon ki gen reprezantan lokal ak eta yo sipèvizè chak Sant. Anplis de DCJS, ajans sa yo fè pati Konsèy Administrasyon Sant Mohawk Valley a: Depatman Lapolis Utica, Biwo Pwokirè Distri Konte Oneida, Depatman Pwobasyon Konte Oneida, Depatman Cherif Konte Oneida, ak Lapolis Eta New York la.

Anplis sant yo konekte youn avèk lòt, sant nan rezo eta finansè sa yo gen aksè a enfòmasyon ki soti nan sant ki gen sipò lokal yo tou nan konte Nassau, Suffolk ak Westchester. Lapolis Eta a (State Police), Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominote Eta a (State Department of Corrections and Community Supervision), Depatman Veyikil a Motè Eta a (State Department of Motor Vehicles), ak Depatman Pwobasyon federal la (Federal Probation Department) pèmèt tout sant eta finansè yo gen aksè a enfòmasyon yo kenbe yo tou.

Òganizasyon entènasyonal ak nasyonal yo te rekonèt Sant Analiz Krim lan yo ansanm avèk pèsonèl yo pou fason inovatè yo itilize teknoloji yo ak kalite travay yo ap fè yo, ki gen ladan yo Asosyasyon Entènasyonal Analiz Ransèyman Lapolis (International Association of Law Enforcement Intelligence Analysts), Sant Gouvènman Dijital ak

Kominote Dijital yo (Center for Digital Government and Digital Communities), Nouvèl Sekirite Gouvènman (Government Security News), Asosyasyon Entènasyonal Analis Krim (International Association of Crime Analysts), ki te prezante prim bay analis nan sant Albany ak Monroe a yo.

Cherif Konte Oneida a, Robert M. Maciol te di, “Sant sa a se yon resous fenomenal pou nou ak lòt ajans fòs lapolis atravè tout Konte Oneida yo. Pèsonèl li yo founi investigatè yo analiz krim an tan reyèl, k ap pèmèt yo fè travay yo nan yon fason ki pi efikas pase avan. Mwen ankouraje ajans fòs lapolis konte vwazen yo pou yo vin jwenn nou, pataje done ak Sant lan epi pwofite de zoutiy ki itil anpil sa a.”

Pwokirè Distri Konte Oneida, Scott D. McNamara te di, “Mwen kontan pou m gen sant sa a kòm yon resous nan Konte Oneida. Analiz krim an tan reyèl ede fòs lapolis yo kòmanse rasanble evidans ak lòt enfòmasyon itil depi nan moman yo deplwaye ale sou sèn krim lan. Yo ka itilize detay sa yo pi ta pou yo jije epi alafen kondane delekan yo, sitou sila yo ki enplike nan ka ki konplike yo.”

Majistra Utica Robert M. Palmieri te di, “Sant Analiz Krim Mohawk Valley a se yon zoutiy ki itil anpil ki pral ede fòs lapolis la kenbe rezidan Utica yo ak atravè tout Konte Oneida yo an sekirite. Sant teknoloji avanse sa a pral founi yon pakèt enfòmasyon ofisye sou tèren yo ka gen aksè itil an tan reyèl. Resous sa a pral pèmèt fòs lapolis nou an travay nan yon fason ki pi efikas pase avan, ki se yon pwèn gayan pou sekirite piblik nan kominote nou an.”

Prefè Lapolis Utica, Mark Williams te di, “Done sou krim yo kolekte atan nan sant analiz yo pral ede fòs lapolis yo rezoud krim epi ede yo kenbe kominote nou an sekirite. Eksperyans aprann nou krim pa rete yon sèl kote epi li pa gen fwontyè. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Cuomo ak DCJS pou investisman yo fè nan konte nou an epi rekonèt patenarya solid nou aktyèlman genyen nan Konte Oneida avèk biwo Pwokirè Distri Konte nou an, Depatman Cherif ak Pwobasyon an, ansanm ak Lapolis Eta New York la. Sa a pral yon gwo resous pou tout ajans fòs lapolis ki nan zòn nan yo nan efò y ap fè pou redwi krim anndan chak kominote respektif yo.”

###